



Pou Piblikasyon Imedya: 14/06/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE SIS FOUNISÈ TRANSPÒ PIBLIK NAN REJYON NÒ NEW YORK AP OFRI PAS POU TRANSPÒ PIBLIK GRATIS PANDAN SÈT JOU POU MOUN KI PRAN VAKSEN YO

Nenpòt moun ki montre prèw vaksinasyon apati 15 jen jiska 14 jiyè nan sant reklamasyon transpò ki ap patisipe yo pral resevwa pas transpò piblik pou sèt jou san limit

Pwogram ankourajman an soulinye enpòtans pou moun pran vaksen; li fonde sou plizyè ankourajman pou ensite plis Nouyòkè pran vaksen

Gouvènè Cuomo te anonse jodi a ke Eta a ap fè patenarya avèk sis founisè transpò piblik nan Rejyon Nò New York pou ankouraje plis Nouyòkè pran vaksen. Sis founisè yo kouvri rejyon Kapital la, Finger Lakes, New York Santral, ak Southern Tier. Nenpòt moun ki resevwa premye dòz Pfizer oswa Moderna oswa grenn dòz vaksen Johnson & Johnson yo a nan nenpòt founisè Eta New York ant 15 jen ak 14 jiyè epi ki prezante prèw vaksinasyon nan yon sant reklamasyon transpò ki ap patisipe opita 14 jiyè pral resevwa yon pas transpò piblik pou sèt jou san limit pou rezo transpò yon founisè ki pa patisipe.

"Pwogram ankourajman nou yo te pouse plis Nouyòkè pou yo retwouse manch yo ak ede mete nou toupre pou nou travèse plafon kritik la nan pousantaj vaksinasyon nou an nan tout Eta a", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Vaksen an kontinye rete pi bon zam kont viris la, epi si ou pran premye piki ou a disi 14 jiyè, ou pral kalifye pou sèt jou tranpò gratis nan youn nan sis pi gwo rezo transpò piblik yo nan Rejyon Nò New York".

Founisè ki ap patisipe yo gen ladan:

- Otorite Transpò Distri Kapital la (Capital District Transportation Authority, CDTA)
- Transpò Greater Glens Falls (Greater Glens Falls Transit)
- Otorite Transpò Rejyonal Rochester-Genesee (Rochester-Genesee Regional Transportation Authority)
- Otorite Transpò Rejyonal New York Santral (Central New York Regional Transportation Authority)
- Transpò Zòn Konsolide Tomkins (Tompkins Consolidated Area Transit)
- Transpò Konte Broome (Broome County Transit)

Sis sistèm transpò piblik ki ap patisipe sa yo te bay 46 milyon vwayaj konbine an 2019.

Tablodbò pou Swivi Vaksen Kont COVID-19 (COVID-19 Vaccine Tracker Dashboard) la disponib pou mete Nouyòkè yo ajou sou distribisyon vaksen COVID-19 la. Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York la egzije etablisman k ap bay vaksen yo pou yo rapòte done pou tout vaksen kont COVID-19 yo bay nan yon delè 24 èdtan; done sou kantite vaksen yo bay yo ap ajou chak jou sou tablodbò a pou refflete mezi ki pi ajou yo nan kad efò vaksinasyon Eta a.

Nouyòkè ki sispèk fwod nan pwosesis distribisyon vaksen an ka rele kounye a nan 833-VAX-SCAM (833-829-7226) oswa voye imèl bay Depatman Sante a nan STOPVAXFRAUD@health.ny.gov. Anplwaye liy ijans yo ap achemine plent yo bay ajans envestigasyon ki apwopriye yo pou asire ke Nouyòkè yo pwofite de travay Eta a pou vaksinen tout popilasyon ki kalifye a.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)